



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKSEPTÉ APLIKASYON KOUNYE A POU FON SIBVANSYON 26.6 MILYON DOLA POU PANDEMI NAN EMPIRE A POU SEKOURIS AK TRAVAYÈ ESANSYÈL YO

Plizyè milye travayè esansyèl ak sekouris ki gen bezwen ekonomik ijan pandan pandemi COVID-19 ki ankou a eksprime enterè nan sibvansyon yo

Jiska 1,000 dola disponib pa fanmi nan finansman ke don prive yo te rann posib

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo aksepte [aplikasyon](#) kounye a pou 26.6 milyon dola ki disponib pou travayè esansyèl ak sekouris yo atravè pwogram [Fon Ranbousman pou Repons Pandemi](#) an. Pwogram nan, ki kowòdone pa Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) Eta New York la, fèt pou ranbouse depans pou swen pou timoun oswa depandan, transpò, lojman ak lòt depans ki kalifye ki soti nan pòch yo, ke travayè ki kalifye yo fè pandan yo anplwaye nan Eta New York ant 1ye mas 2020, jiska dat yo soumèt aplikasyon an. Jiska 1,000 dola disponib pa fanmi. Finansman an soti nan don prive moun, fon byenfezans ak biznis yo fè pandan kriz COVID la.

"Soti nan premye jou pandemi COVID-19 la, travayè esansyèl New York ak sekouris yo te fè travay yo pou nou menm rès yo te ka rete an sekirite. Sèvis kouraje ak dezenterese yo pou Nouyòkè yo p ap janm bliye epi nou dwe asire ke nou sipòte yo nan mitan difikilte transpò inik, lojman ak swen timoun," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fon Ranbousman pou Repons Pandemi an ap ranbouse travayè esansyèl yo pou depans sibzistans enpòtan yo te fè pandan y ap kenbe nou menm rès yo an sekirite, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye yo pou aplike pou finansman kounye a."

Aplikan ki kalifye yo enkli sekouris, travayè swen sante ak travayè esansyèl anpil sektè miltip. Travayè ki kalifye yo ka aplike pou kont yo oswa anplwayè, sendika oswa founisè sèvis ki anplwaye yo ka refere yo pandan ijans COVID la. Fanmi k ap fè jiska 500 poustan nivo povrete federal la - oswa 125,470 dola pou yon fanmi kat - kalifye pou aplike pou fon yo pou kouvri depans yo.

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Nou menm nan OCFS, nou fyè epi onore pou ede vvazen sekouris ak travayè esansyèl nou yo lè nou jwenn soulajman pou sila yo ki te reponn nan fason onorab epi san relach ak kriz COVID-19. Plizyè travayè esansyèl te eksprime enterè nan finansman an, epi nou kontan pou kowòdone

pwogram sibvansyon sa pou travayè diy sa yo. Yo te sove tèlman anpil vi pandan pandemi an".

Konsènan Fon Ranbousman pou Repons Pandemi nan Empire a

Fon Ranbousman pou Repons Pandemi nan Empire a se yon aplikasyon ki pa konpetitif. Y ap bay aplikan ki reponn ak kritè kalifikasyon epi ki soumèt dokimantasyon revni yo egzije a epi ki genyen depans ki kalifye yo jiska 1,000 dola pou ranbouse depans ki soti nan pòch yo ke yo te fè pandan y ap reponn ak COVID-19 la ke yon lòt sous pa t ranbouse yo. Y ap bay sibvansyon yo sou yon baz premye vini, premye sèvi jiskaske finansman an epuize. Montan ranbousman maksimòm nan se 1,000 dola pa fanmi. Enstriksyon pou aplikasyon ak opòtinite sibvansyon yo disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)